UDK.216-331 (2023)

# QARAQALPAQ QUWÍRSHAQ TEATRÍNÍŃ XALÍQQA XÍZMETI

**L.Urazmbetova** – *docent*
**M.Tajiǵalieva** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** madaniyat, san'at, janr, qo'g'irchoq teatri, festivallar, nominatsiya, spektakl.
**Ключевые слова:** культура, искусство, жанр кукольный театр, фестивали, номинация, спектакль.
**Key words:** culture, art, genre, puppet theater, festivals, nomination, performance.

Hárbir xalıqtıń óziniń mádeniyatın hám kórkem ónerin sáwlelendirip keń en jaydıratuǵın ullı dárgaylardıń biri bul – teatr. Solar qatarında qaraqalpaq mámleketlik quwırshaq teatrı bul jılı 27 jasın joqarı tabıslar menen qarsı aldı. Bul qaraqalpaq mámleketlik quwırshaq teatrı 1990-jılı 27-fevral №50/2 sanlı Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń qararı hám Ózbekstan Respublikası mádeniyat hám sport isleri ministrliginiń 1990-jılı 5-aprel №115 buyrıǵına tiykarlanıp ashıldı. Óziniń tabıslı sánelerine bay bolǵan, bul 27 jıl ishinde quwırshaq teatrınıń sheber aktyorları ózleriniń 100 ge jaqın quwırshaq spektakllerin koncert dástúrlerin saxnalastırıp Ózbekstan Respublikasınıń barlıq quwırshaq teatrlarınıń dástúriy festivallarına óziniń dóretiwshilik jemisleri menen belsene qatnasıp joqarı nátiyjeler menen kelmekte.[1. Abdusamatov, B.34-35]. Bular qatarında 2003-jılı Tashkent qalasında ótkerilgen quwırshaq teatr festivalında «Eń jaqsı hayal obrazı» nominaciyası jeńimpazı boldı. 2005-jılı Buxara qalasında ótken quwırshaq teatrları festivalında P.Aytmuratovtıń «Atam aytqan áńgime» spektakli «Eń jaqsı balalar dramaturgiyası», 2009-jılı Andijan wálayatında ótkerilgen VIII quwırshaq teatrları festivalında, avtorı Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri P.Aytmuratov hám M.Begimovtıń «Saxradaǵı doslıq» spektakli menen qatnasıp «Eń jas talantlı aktyor» hám «Eń aktual tema» nominaciyası jeńimpazı boldı. 2013-jılı Samarqandta ótkerilgen IX quwırshaq teatrları festivalında «Eń jaqsı shólkemlestiriwshi» nominaciyası teatr direktorına berildi. Bul wálayatlarda bolıp ótken festivallarda ózleriniń quwırshaq spektaklleri, koncert dástúrleri menen qatnasıp ǵana qoymastan festival bolǵan qalalarda mektep oqıwshıları menen sáwbetler ótkerdi. Bulardan Andijan wálayatında ótkerilgen festivalda hár kúngi festivaldan soń teatr jámááti menen quwırshaq teatrı mádeniyatı haqqında birqansha sáwbetler bolıp ótkerildi.

Bul ushrasıwlarda teatr rejissyorı M.Begimov hár qıylı qızıqlı pontamimo hám etyudlar kórsetip oqıwshılardıń itibarın tartqan bolsa, aktrisa A.Berdibaeva qaraqalpaq xalqınıń milliy qosıqların atqarıp alǵısqa bólenip O.Qazaqbaeva bolsa oyını menen qatnastı. Óz kásibin ardaqlawshı bul jetik qánigelerge ushrasıwda mektep oqıwshıları menen bir qatarda muǵallimler hám Andijan wálayatınıń jergilikli xalqı qaraqalpaq kórkem óneriniń birqansha bay mazmunǵa iye mádeniyatın kórip qaraqalpaq quwırshaq teatr jámáátine minnetdarshılıq bildirdi.[2. Bayandiev T, Ikromov H, Ahmadjonova M. B.143] Bárhá hárekette júrgen bul quwırshaq teatr jámááti bir jıl dawamında tınımsız miynetleri arqasında 4 spektakl saxnalastırıp premyeradan soń mámleketimizdiń hárbir jámáátin hám balalar dem alıw orayların itibardan shette qaldırmastan dárhal №1 Respublikalıq mehribanlıq úyine biypul quwırshaq spektekllerin saxnalastırıwdı ádetke aylandırǵan. Solar qatarında Qaraqalpaqstan Respublikası gereńler jámáátiniń xojalıq aǵzalarınıń balalarına jáne de jazǵı dem alıs waqtında Ellikqala rayonında «Aral balaları», Taqıyatas qalası «Aydın jol», Nókis rayonı «Gúlbaq», Nókis qalası «Aral», bunnan basqa da Shımbay, Taxtakópir, Kegeyli, Ámiwdárya rayonlarında jaylasqan balalar dem alıw orayında hárbir kúnin qızıqarlı ótkerip atırǵan úlkemiz balalarına quwırshaq teatr jámááti eń qızıqlı «Sawǵa», «Batır qoyan», «Sıyqırlı tayaqsha», «Tań qalarlıq jarıs» spektaklleri hár jıl dawamında biypul saxnalastırılıp xalqımızǵa xızmet etip kelmekte. 2015-jıl «Kekselerdi qádirlew jılı»nda teatr jámááti Taqıyatas qalasında jaylasqan kekseler hám mayıplar, urıs hám miynet viteranları sanatoriyasına Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri P.Aytmuratov hám M.Begimovlardıń «Sawǵa» quwırshaq shou spektaklin aparıp, óz waqıtların mazmunlı hám kewilli túrde dem alıp atırǵan Respublikamız hám qońsılas Xorezm wálayatlarınan kelgen nuranıy atalarımız hám apalarımızdıń názerine inám etti. Nuraniylerimiz ushın bul quwırshaq teatr spektaklleri ersi túyilip, hátteki olardan birewleri: «Pay qatırdaw, endi bizlerge quwırshaq kórsetip biz bir balamızba» degen aǵalarımız da boldı. Biraq teatr jámáátiniń spektakllerin kórgennen soń qızıǵısıp qarap, saxnalıq kórinisler olarǵa júdá

maqul kelip kewilleri kóterilip qaldı. Nuraniylerimizge unap qalǵanı «Mal bazardaǵı waqıya» degen intermediyada quwırshaq kempir menen ǵarrınıń mal bazarǵa barıp sıyırın satıwdaǵı áńgimelerin kórip otırıp ózleriniń bazarda júrgen waqıyaları yadına túsip bir kúlisip aldı. [3. Raxmonov M.P. B.82] Kewilleri birqansha kóterilip qalǵan bul nuraniylerimiz quwırshaqlar atqarıwındaǵı Xorezmshe oyınǵa apalarımızdı mirát etip birgelikte oyınǵa da túsedi. Bul spektaklden soń nuraniy atalarımız hám apalarımız quwanıshlarınan: «Quwırshaq teatr qızıq eken, endi aqlıqlarımız benen kelemiz» dep ózleriniń minnetdarshılıqların bildirip, pátyaların berdi. Quwırshaq spektaklleri tek balalar ushın ǵana emes álbette barlıq úlken jastaǵı tamashagóyler ushın da qáliplestirgen. Jáne de usıǵan uqsas spektakllerdi rawajlandırıp saxnalastırıwdı óz aldına tiykarǵı maqset etip qoyǵan teatr jámááti «Sharyar» dástanına qızǵın tayarlıq kórip sol jıldıń ózinde-aq 2015-jılı 17-sentyabr kúni bul spektakldiń premyerası bolıp ótti. Pyessanıń avtorı bolsa Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri P.Aytmuratov, saxnalastırıwshı rejissyor Ózbekstanǵa xızmet kórsetken artist Sh.Yusupov, xudojnik Z.Yodgorov, kompozitor Q.Zaretdinov, rollerde Qaraqalpaqstan jaslar awqamı sıylıǵınıń laureatı Sh.Allambergenov, Q.Qalillaev, N.Genjebekova, P.Kulimov, S.Maditova, U.Qazaqbaeva, T.Babaniyazova, E.Begimova, G.Isaeva, Sh.Kalamovlar aktyorlıq sheberlikleri menen tabıslı atqarıp shıqtı.

Bul qaraqalpaq mámleketlik quwırshaq teatrı Ózbekstanda 37 teatrdıń biri, «Ózbekteatr» dóretiwshi islep shıǵarıw birlespesi hám Qaraqalpaqstan Respublikası mádeniyat hám sport isleri ministrligine qaraslı bolıp teatrımız jámáátinde 43 xızmetker, sonnan 15 dóretiwshi xizmetkerler jańa spektekllerdi saxnalastırıp baradı. Bunday birbirinen mazmunlı spektakllerdiń qáliplesiwine sebepshi hám talpındırıwshı «Ózbekteatr» dóretiwshi islep shıǵarıw birlespesiniń hár eki jıl dawamında ótkerilip baratuǵın Respublikalıq dástúriy quwırshaq teatrlarınıń festivalları bul jámáättiń alǵa órlewshi qádemleriniń biri bolıp kelmekte. Bul festivalda teatr mádeniyatınıń jetik qánigeleriniń sınaǵınan ótiw ushın spektaklde qatnasıwshı aktyorları ózine tapsırǵan rollerin buljıtpay orınlawı, tamashagóyler itibarın ózine qaratıp jáne de spektakl hár tárepleme jetik bolıwı tiyis.[5. Usmonov R. B.83] Teatrdıń bas rejissyorı M.Begimov, aktyorlardan Qaraqalpaqstan jaslar awqamı sıylıǵınıń laureatı Q.Qalillaev, talantlı aktyorlardan Sh.Allambergenov, P.Kulimov, Yu.Qalbaev, S.Madetova, T.Babaniyazova, jaslardan U.Qazaqbaeva, N.Genjebekova, E.Begimova, G.Isaeva, G.Joldasbaeva, Sh.Kalamovlar dańq abırayǵa erisip hárqanday berilgen spektakllerdegi tapsırmalardı sózsiz orınlap óz aktyorlıq sheberligi menen belsene qatnasıp kelingen.

Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń tikkeley basshılıǵı hám múriwbeti arqasında 2014-jıl Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2014-jıl 20-yanvardaǵı 12-b sanlı qararına tiykarlanıp Túrkistan kinoteatrı, quwırshaq teatrı esabına ótkerilip 2015-jılı OOO «Nókis texnologiya stroybazası» JSH jámiyeti tárepinen iri rekunstrukciya jumısı baslanıp 2015-jılı 31-dekabr kúni juwmaqlanıp teatr jámáátine tapsırıldı.

Bul sawlat tókken imáratta jańa spektekller saxnalastırılıp hám de teatr repertuarların keńnen bayıtıp kishkene jastaǵı balalar, orta jastaǵı balalar hám úlken jastaǵı barlıq kórermenler ushın xalqımızdıń milliy hám klassikalıq quwırshaq spektakllerin saxnalastırıp xalqımızǵa bir-birinen qızıqlı hám mazmunlı spektakllerdi inám etiwge quwırshaq teatr jámááti bárha tayın turadı. [6. Urazmbetova L. B.78]

Qaraqalpaq mámleketlik quwırshaq teatrı 1990-jıl 27-fevraldaǵı №50/2 sanlı Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń qararı hám Ózbekstan Respublikası mádeniyat hám sport isleri ministrliginiń 1990-jılı 5-aprel №115 buyrıǵına tiykarlanıp ashılıp Ózbekstan Respublikası ǵárezsizliginiń dáslepki jılında, 1991-jılı K.Karimovtıń «Artıq mergen» spektakli menen Ózbekstannıń teatr saxnasın ashtı. 1992-jılı dramaturg Q.Matmuratovtıń «Aq tekesh hám kók tekesh» spektakli qoyıldı. Spektakldiń bas rejissyorı R.Tóreniyazov assistenti Q.Qalillaev, jáne de teatrımızda dúnya klassikasınan orın iyelegen dramaturg S.Mexalkovtıń «Úsh toray», E.Speranskiydiń «Tań qalarlıq jarıs» pessaları teatr saxnasında óz kórinisin taptı.

## Ádebiyatlar


1. Abdusamatov H. "Drama nazariyasi". – T.: Ǵ.Ǵulom nomidagi adabiyot va san'at nashriyoti, 2000.
2. Bayandiev T, Ikromov H, Ahmadjonova M. "O'zbek teatrida milliy g'oya talqini" – T., 2009.
3. Raxmonov M.P. "Ўзбек театри тарихи". T.: Fan, 1968
4. Umarov E. "Teatrda badiiy obraz yaratishning estetik tamoyillari"-Toshkent, 2011.
5. Usmonov R. "Rejissura" – T.: Fan, 1997.
6. Urazmbetova L. "Aktyor sheberligi" 2019 j. T. Fan ziyosi.



**РЕЗЮМЕ.** Maqola mazmunining asosini aktyorlik va rejissura san'ati borasidagi vorislik an'analari, ustozlar tajribalari tashkil etadi. Teatr san'atining tabiati spektaklning boshidan oxirigacha ijodiy hamfikrlikni va jonli hissiyotni talab qiladi. Pyesaning har bir so'zi, aktyorning har bir harakati, har bir mizan sahna yuqoridagi talabga bo'ysundirilishi kerak bo'ladi.

**РЕЗЮМЕ.** В основе содержания статьи лежат традиции преемственности в актерском и режиссерском искусстве, опыт педагогов. Природа театрального искусства требует творческого сотрудничества и живой эмоциональности от начала до конца спектакля. Каждое слово пьесы, каждое движение актера, каждая мизансцена должны быть подчинены вышеизложенному требованию.

**SUMMARY.** The basis of the content of the article is the traditions of succession in the art of acting and directing, and the experiences of teachers. The nature of theatrical art requires creative cooperation and lively emotion from the beginning to the end of the performance. Every word of the play, every movement of the actor, every mise-en-scene will have to be subordinated to the above requirement.


UDK.90-312; 2023

# QARAQALPAQ OYÍN ÓNERINIŃ RAWAJLANÍWÍNDA BALETMEYSTER E.PETROSOVANÍŃ TUTQAN ORNÍ HÁM ROLI


**Z.Yuldasheva** - *assistent oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so'zlar:** raqs, qo'l harakati, milliy rang, faollik, san'at.

**Ключевые слова:** танец, движение рук, национальный колорит, деятельность, искусство.

**Key words:** dance, hand movement, national color, activity, art.


Orta Aziya sahralarında qaraqalpaqlardı «birinshi shayırlar hám qosıq avtorları» dep esaplaǵan. «Mıńlaǵan ańızlar, povestler, qosıqlar hám gúrińler esap-sansız qaraqalpaqlar tárepinen saqlanıp kelgen» dep jazadı ullı qazaq alımı Shoxan Wáliyxanov hám qaraqalpaqlardı dawıslılar muzası dep ataǵan. Xalıqtıń kewlin kóteriw, ruwxlandırıwda, dúnyaǵa poetikalıq kózqarasları, onıń danalıǵı hám ruwxıy kúshi tek ǵana qosıqlarda emes ertekler, ápsanalar hám ańızlar arqalı sonıń menen bir qatarda, ámeliy kórkem óneriniń bay shıǵarmaları, xalıq oyınları, dástúrler, bayramǵa say máresimlerinde de óz kórinisin tapqan. Hátteki, adamlardıń kúndelikli turmısında da mádeniyat, gózzallıq sezimi hám miynetkesh xalıqqa bolǵan húrmeti sheksiz. Biraq, qaraqalpaqlardıń ráńbáreń, kóp janrlı dástúriy xalıq ámeliy kórkem ónerinde, xalıq teatr yamasa oyın ónerı bolmaǵan. [1.Энциклопедический музыкальный словарь, В.352] Bunıń sebebi bar: qaraqalpaq xalqınıń táǵdiri awır hám qıyın keshken.

Yarım kóshpeli turmıs tárizi, basqa xalıqlar menen bárhama soqlıǵısıwı, kelispewshilikleri, tez-tezden ulıwma xalıqtıń kóship júriwleri, qáwimlerdiń qarama-qarsılıqları, aqıbetinde sheksiz güreslerden soń Aral boyı shólistanlıqlardı hám qúdiretli Ámiwdáryanı jaǵaladı. Sonıń menen birge xalıq mádeniyatında oyınlardıń joq ekenligi, bunıń eń áhmiyetli sebeplerinen biri kóshpeli túrmıs tárizi edi, xalıq oyınınıń dóreliwi hám rawajlanıwı ushın, jáne birge qosıqshılıq rawajlanıwı ushın kópshilik penen birgeliktegi mehriban jámáát doslar kerek edi. Heshqanday gúman joq, qaraqalpaqlardıń birinshi oyın kórinisleri – áyyemgi ańshılar, sharwashılıq, diyqanlardıń miynetin sáwlelendiriwshi, tábiyat hádiyseleri, haywanlar, quslar, jırtqıshlardıń ádetlerin illyustrativ tárizde sáwlelendiriwshi ritmikalıq pantomimo, tábiyattıń kelip shıǵıwın kórsetiwshi háreketlerdiń, adamlar turmısında júz bergenligi, biraq málim turmıs sharayatı sebepli oyında rawajlanbaǵan, kópshiligi joytılıp, umıtılıp ketken. Jaqın ótken zamanda da yarım